

# Angajman NYC Test & Trace Corps pran anfavè Nouyòkè yo



Fè pati efò NYC Test & Trace Corps pou goumen kont COVID-19: se pou sante w ak sante lòt Nouyòkè yo! Ak tout Nouyòkè ki patisipe nan programasyon NYC Test & Trace Corps la, nou pran angajman pou:

1. Ba w aksè nan sèvis nan respè, konpasyon epi san jijman, san nou pa gade sou ras ou, gwoup etnik, relijyon, orijin nasyonal, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite jan oswa imaj jan ou pwojte de tèt ou, sitistasyon w ak imigrasyon, laj, si w gen asirans, oswa kapasite w pou w peye.
2. Pwoteje konfidansyalite w epi kenbe enfòmasyon ou yo an sekirite. Nenpòt enfòmasyon ou ban nou yo konfidansyèl epi yo pwoteje anba lalwa Kòd Sante Vil Nouyòk la ansanm ak lòt lwa nan Vil Nouyòk ak lòt lwa Eta a. Nou ap anrejistre yo an sekirite, epi se sof estaf ki otorize k ap ka itilize yo. Bazdone NYC Test & Trace Corps la pa konekte ansanm ak onkenn bazdone ajans ki la pou aplike lalwa yo.
3. Trete w avèk diyite, respè, ak pwofesyonnalism.
4. Nou pa mande enfòmasyon konsènan sitistasyon imigrasyon ou oswa moun nan fanmi w.
5. Ba w sèvis entèpretasyon nan pwòp kilti lang ou, sa gen ladan Lang Siy Ameriken, si w bezwen yo.
6. Ofri w sèvis NYC Test & Trace Corps ki gratis. Pase w tès COVID-19 lan epi pale ak yon retrasè kontak (contact tracer) pa p konsidere kòm chaj piblik anba règ ki la pou sa a.
7. Entegre w nan diskisyon ak estaf NYC Test & Trace Corps la nan respè konsènan sèvis nou yo.
8. Ba w resous pou w byen mete kò w apa de zòt yo si w gen COVID-19 oswa si w te ekspoze ak li:
  - Anndan pwòp kay ou, epi ba w aksè nan resous, tankou livrezon manje gratis; oswa
  - Nan yon chanm otèl gratis oswa lòt aranjman ke estaf nou yo ka fè pou ou. Nan espas tanporè sa, yo ap ba w manje, klinisyen ak enfimyè ap siveye w 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 w ap jwenn aksè nan sante mantal ak sipò pou byennèt, aksè nan entènèt, ak apèl lokal ilimite gratis pou konekte w ak moun ki konte pou ou yo.
9. Reponn kesyon w yo konsènan estaf nou yo ki ap ba w sèvis yo, tankou estaf ki nan otèl yo ansanm ak òganizasyon kominotè yo, tankou ba w non yo, pozisyon yo ak fonksyon yo.
10. Ba w opòtinite pou w pale ak yon sipèvizè oswa yon moun ki pou defann ou (ombudsperson). Wòl defansè a se pou li defann dwa w epi adrese tout pwoblèm ou ta genyen avèk NYC Test & Trace Corps. Si w viktim oswa ou temwen diskriminasyon oswa pèsikasyon, ou ka rapòte sa lè w rele 212-416-0197 oswa al gade nan [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights), epi itilize fòm Rapò Diskriminasyon (Report Discrimination) an.
11. Asire ke w konprann angajman NYC Test & Trace Corps fè anfavè w epi travay avè w pou reponn nenpòt kesyon w ta genyen.

# Kisa Ou Ka Fè pou W Konbat COVID-19

## TÈS




Konnen kondisyon w. Jwenn tè s COVID-19 ak tè antikò gratis.

## RETRASE



Reponn apèl Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pou ede w kanpe pwopagasyon COVID-19 nan kominote w la.

## PRAN SWEN



Izole w an sekirite pou w pwoteje lòt yo ak pran swen w nan yon otèl oswa nan kay.

NYC Test & Trace Corps angaje | pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo konfidansyèl epi pwoteje dapre Kòd Sante Vil Nouyòk la. Test & Trace Corps la pa pral poze okenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn.

**NYC**  
**HEALTH+**  
**HOSPITALS**

**Test & Trace**  
**Corps**